

SE PREKOSYON KI EVITE AKSIDAN.



www.AlertTodayFlorida.com

**LE WAP KONDUI, MACHE,
MONTE BISIKLÉT...
FE ATANSYON
LI PANO SINYALIZASYON YO.
APRANN REGLEMAN YO.**

PA DISTRE.   

 **KANPE AVAN OU VIRE A DWAT SOU LIMYE WOUJ.**
 **MACHE SOU TWOTWA AK PASAJ POU PYETON**
 **YO, FÈ ATANSYON AK BISIKLÉT, AK SIKILASYON.**

Se Depatman Transpo Florida ki patrone mesaj sa a.





KONSÈY POU SIKLIS (MOUN KI SOU BISIKLÈT)

Monte bisiklèt nan menm direksyon ak sikilasyon nan lari an. Respekte tout siy sikilasyon yo, ak mak liy ki atè yo.

Kanpe pou bay lòt pase nan sikilasyon, lè sa fè sans. Pito ou bay pase, olye ou eseye montre ke ou gen rezon epi pran chans blese.

Fè moun wè ou. Kondui nan yon sèl liy pou lòt moun ka wè ou. Toujou limen limye devan ak deye yo nan nwit.

Toujou veye pou wè machin ki stasyon yo. Pa kondui nan “zòn pòt” la, menm si liy bisiklet la pre li.

KONSEY POU PYETON

Respekte tout lwa sikilasyon yo. Si pa gen twotwa, mache sou bò lari a kote ou ka wè machin yo kap vin anfas ou.

Toujou mache nan pasaj pou pyeton yo. Peze bouton an pou li ba ou siyal pou traverse a.

Fè moun wè ou. Mete rad ki gen gwo koulè, mete koulè ki klere sou rad ou, soulye ou, sentuwon, ak braslè ou.

Gade, apre sa gade ankò. Gade a goch, gade a dwat, gade a goch ankò avan ou traverse lari a.